

Gid Akonpayman Mifeprex®
Revize Janvye 2023

GID AKONPAYMAN POU MEDIKAMAN AVÒTMAN OU AN

MIFEPREX® (Mifepristone) Tablèt, 200 mg
KONPRIME OPSYON BONÈ ORIJINAL.

PREMYE REJIM MEDIKAMAN POU AVÒTMAN BONÈ KE FDA APWOUVE

Pale ak founisè swen sante ou a. Anvan ou pran MIFEPREX, ou dwe li Gid Medikaman an epi ou menm ak founisè swen sante ou a dwe diskite de avantaj ak ris itilizasyon MIFEPREX genyen.

ÈSKE MIFEPREX BON POU MWEN?

MIFEPREX pèmèt ou aji byen bonè - jiska 70 jou (10 semèn) gwochè epi yo paka itilize l nan ka gwochè ekstra iterin konfime oswa sisplèk (gwochè andeyo matris la) paske MIFEPREX pa efikas pou kanpe gwochè sa yo. Si w ap itilize yon dispozitif oswa yon sistèm entra iterin (IUD, intrauterine device or system), li dwe sòti anvan w pran MIFEPREX. Pale ak founisè swen sante ou a pou w konnen si MIFEPREX se bon chwa a pou ou. Epi asire w ou di founisè ou a si ou ap pran lòt medikaman. Pou yon lis konplè poukisa MIFEPREX ka pa bon pou ou, tanpri revize Gid Medikaman akonpayman an.

KONSEY AK SIPÒ

Chwazi MIFEPREX pou yon avòtman ak medikaman ofri w yon opsyon ki plis prive pase avòtman chirijikal la, ak sipò epi konsèy ki disponib byen fasil pandan pwosesis la. Ou pa poukont ou epi li nòmal pou w chache yon sipò anplis ni pandan ni apre avòtman ak medikaman ou an. Si ou gen kesyon oswa ou ta renmen jwenn enfòmasyon anplis sou resous yo, pale ak founisè swen sante ou a, li ka gide w pandan pwosesis la epi travay ak ou pou diskite sou tip opsyon sipò ki ap pi bon pou ou.

PLANIFIKASYON POU AVÒTMAN AK MEDIKAMAN MIFEPREX OU AN:

Founisè swen sante ou a ap mande ou pou w li epi siyen Akò Pasyan an epi ba ou Gid medikaman an, enstriksyon ak enfòmasyon kiyès pou w kontakte. Founisè ou a ap eksplike w kòman pou w pran MIFEPREX epi diskite sou yon kote ki apwopriye pou w pran konprime misoprostol yo. Y ap ba ou 1 konprime MIFEPREX epi kat konprime misoprosol; founisè ou a ka ba w yon preskripsyon pou w ka jwenn yo nan famasi.

Gid Akonpayman Mifeprex®
Revize Janvye 2023

JOU 1

BWÈ YON KONPRIME MIFEPREX

MAKE DAT AK LÈ OU PRAN MIFEPREX LA: _____

JOU 2-3

24-48 È APRE OU FIN PRAN MIFEPREX LA

Mete 2 konprime Mizopwostòl (4 konprime an total) nan chak machwè pandan anviwon 30 minit epi vale tout sa ki rete a ak yon vè dlo oswa lòt likid.

Nan 2 a 24 è ou ka atann ou w ap gen krap ak senyman epi bay san tankou lè w gen règ, sa ki ka dire plizyè jou.

KENBE YO ANNDAN MACHWÈ OU PANDAN 30 MINIT

MAKE DAT AK LÈ OU PRAN KONPRIME MISOPROSTOL LA: _____

JOU 7-14

Li enpòtan pou w fè swivi bò kote founisè swen sante ou a pou w asire w ou anfòm epi ou pa ansent ankò. MIFEPREX efikas anpil pou kanpe gwo sès bonè, anviwon 2 a 7 fanm sou 100 ap bezwen entèvansyon chirijikal kòm suivi pou finalize pwoesis avòtman an oswa pou kanpe senyman yo.

MAKE KALANDRIYE SUIVI OU YO AK FOUNISÈ SWEN SANTE OU A: _____

Ou ka retonbe ansent jis apre fen gwo sès ou a. Si ou pa vle vin ansent, pale sa ak founisè sante ou a. Li ka diskite sou opsyon yo epi travay ak ou pou chwazi metòd kontrasepsyon ki pi bon pou ou a.

Gid Akonpayman Mifeprex®
Revize Janvye 2023

Gade sentòm yo ki anba a ki mande atansyon medikal imedyatman.

KONTAKTE IMEDYATMAN FOUNISÈ SWEN SANTE OU SI OU AP FÈ FAS AK YOUN NAN KA SA YO:

GWO SENYMAN: ase pou tranpe 2 gwo sèvyèt ijyenik pa è pandan 2 è youn apre lòt oswa si ou pè pou w pa gen gwo senyman.

NAN KI KANTITE SENYMAN AN YE?

- **YON TI KRAS:** san sèlman sou tisi a lè yo siye l oswa tach mwens pase yon poussou yon gwo kotèks pandan inèdtan.
- **KANTITE KI PA ANPIL:** Tach ki mwens pase kat poussou yon gwo kotèks pandan inèdtan.
- **KANTITE MODERE:** tach mwen pase sis poussou yon gwo kotèks pandan inèdtan.
- **GWO KANTITE:** Gwo kotèks la plen pandan inèdtan.

DOULÈ ABDOMINAL OSWA "SANSASYON W MALAD": Sa gen ladan feblès, anvi vomi oswa dyare ak oswa san fyèv pandan plis pase 24 è apre w fin pran misoprostol la. Sentòm sa yo ka siy yon enfeksyon grav oswa lòt pwoblèm (tankou gwo sèlman sou tisi a lè yo siye l oswa tach mwens pase yon poussou yon gwo kotèks pandan inèdtan).

FYÈV: nan jou apre tretman yo ou gen yon fyèv 100.4°F oswa pi wo ki dire plis pase 4 è. Fyèv ka yon siy yon enfeksyon grav oswa lòt pwoblèm.

- **100.4°F OSWA PI WO PANDAN PLIS PASE 4 È**

SI W PA KA JWENN FOUNISÈ SANTE OU A, ALE NAN SAL IJANS KI PI PRE OU A.

OU BEZWEN PLIS ENFÒMASYON? Si ou gen lòt kesyon konsènan MIFEPREX, medikaman avòtman, a kisa pou w atann ou oswa eksperyans ou apre tretman an, kontakte founisè swen sante ou a.

FOUNISÈ SWEN SANTE MWEN AN: _____

NIMEWO TELEFÒN: _____

KI KOTE MWEN KA JWENN PLIS ENFÒMASYON?

Pou w aprann plis sou MIFEPREX, tanpri rele liy 24 sou 24 nou an nan:

1-877-4-EARLY OPTION (1-877-432-7596)

Oswa vizite: www.earlyoptionpill.com